# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍ STATISTIKA BASQARMASÍ



# QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASÍNDA QURÍLÍS JUMÍSLARÍ

2024-JÍL YANVAR-IYUL AYLARÍ

## Qaraqalpaqstan Respublikası statistika basqarması

**2024-jıldıń yanvar-iyul aylarında, Qaraqalpaqstan Respublikasında jámi *3 433,3* mlrd. somlıq qurılıs jumısları orınlanıp, ósim páti ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 106,4 % ti quradı.**

**11,7 %**

Iri qurılıs kárxanaları

***403,0***
mlrd. som

2023-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda
***169,0 %***

**65,7 %**

Kishi kárxana hám mikrofirmalar

***2 254,2***
mlrd. som

2023-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda
***103,3 %***

**22,6 %**

Rásmiy bolmaǵan sektor

***776,1***
mlrd. som

2023-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda
***96,4 %***

Qurılıs jumısları kólemi iri qurılıs kárxanaları, kishi kárxana hám mikrofirmalar hámde rásmiy bolmaǵan sektorlarda ámelge asırılǵan jumıslar quramı boyınsha qáliplesedi.

2024-jıldıń yanvar-iyul aylarında, jámi qurılıs jumısları kóleminiń quramına iri qurılıs kárxanaları tárepinen islengen qurılıs jumısları 403,0 mlrd. somdı quradı. Qurılıs jumısları ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 169,0 % ti qurap, jámi qurılıs jumısları kólemindegi úlesi 11,7 % punktke kóbeyip, 11,7 % ti quradı.

# Qala hám rayonlar kesiminde qurılıs jumısları 2024-jıl yanvar-iyul aylarında

## qurılıs jumısları kólemi, mlrd. som




*Maǵlıwmat ushın:*

Respublika boyınsha eń joqarı qurılıs kólemin kórsetken Nókis qalası 1 146,1 mlrd. som, ósim páti 106,8 %, Tórtkúl rayonı 392,4 mlrd. som, ósim pàti 102,7 %, Ellikqala rayonı 279,3 mlrd. som, ósim páti 102,4 % Beruniy rayonı 265,7 mlrd. som, ósim páti 102,1 %, Moynaq rayonı 153,4 mlrd. som, ósim páti 143,4 % ti quradı.

# Qurılıs jumısları
# 2024-jıl yanvar-iyul ayları ushın

| | Qurılıs jumısları mlrd. som | Sonnan: | | |
|---|---|---|---|---|
| | | Iri qurılıs kárxanaları | Kishi kárxana hám mikrofirmalar | Rásmiy bolmaǵan sektor |
| Qaraqalpaqstan Respublikası | 3 433,3 | 403,0 | 2 254,2 | 776,1 |
| Nókis qalası | 1 146,1 | 57,7 | 995,3 | 93,1 |
| *rayonlar:* | | | | |
| Ámiwdárya | 211,9 | 12,4 | 109,3 | 90,2 |
| *Beruniy* | 265,7 | 5,6 | 170,3 | 89,8 |
| Bozataw | 56,5 | 2,5 | 45,4 | 8,6 |
| *Qaraózek* | 40,6 | 5,0 | 23,0 | 12,6 |
| Kegeyli | 62,3 | 17,0 | 31,9 | 13,4 |
| *Qońırat* | 173,8 | 66,9 | 77,6 | 29,3 |
| Qanlıkól | 42,3 | 2,8 | 4,9 | 34,6 |
| *Moynaq* | 153,5 | 111,4 | 28,7 | 13,4 |
| Nókis | 152,4 | 6,3 | 78,1 | 68,0 |
| *Taqıyatas* | 180,4 | 30,3 | 126,9 | 23,2 |
| Taxtakópir | 42,1 | 2,0 | 30,6 | 9,5 |
| *Tórtkúl* | 392,4 | 51,3 | 220,2 | 120,9 |
| Xojeli | 122,1 | 1,7 | 75,8 | 44,6 |
| *Shımbay* | 81,0 | 5,0 | 26,4 | 49,6 |
| Shomanay | 30,9 | 2,8 | 11,8 | 16,3 |
| *Ellikqala* | 279,3 | 22,3 | 198,0 | 59,0 |

2024-jıldıń yanvar-iyul aylarında, jámi qurılıs jumısları kóleminiń quramına iri qurılıs kárxanaları tárepinen islengen qurılıs jumısları 403,0 mlrd. somdı quradı. Qurılıs jumısları ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 169,0 % ti qurap, jámi qurılıs jumısları kólemindegi úlesi 4,3 % punktke kóbeyip, 11,7 % ti quradı.

# Iri qurılıs kárxanaları tárepinen islengen qurılıs jumısları




*Maǵlıwmat ushın:* Iri qurılıs kárxanaları tárepinen islengen qurılıs jumısları kóleminiń eń kóp úlesi Moynaq rayonı (jámi qurılıs jumısları úlesi 72,6 % i yaki ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 196,1 %), Qońırat rayonı (jámi qurılıs jumısları úlesi 38,5 % i yaki ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 136,7 %), Kegeyli rayonı (jámi qurılıs jumısları úlesi 27,3 % i yaki ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 445,7 %) Taxiatash rayonı (jámi qurılıs jumısları úlesi 16,8 % i yaki ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 58,4 %) ke tuwrı keldi.

# Kishi kárxana hám mikrofirmalar tárepinen islengen qurılıs jumısları

2024-jıldıń yanvar-iyul aylarında kishi kárxana hám mikrofirmalar tárepinen islengen qurılıs jumısları kólemi 65,7 % ke tuwrı kelip, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 1,7 % punktke kemeygen. Sonday-aq, olardıń esabına tuwrı kelgen qurılıs jumısları kólemi 2 254,2 mlrd. som muǵdarında bolıp, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 103,3 % ti quradı.



## Kishi kárxana hám mikrofirmalar, úlesi, % te




***Maǵlıwmat ushın:*** *Usı esabat dáwirinde kishi kárxana hám mikrofirmalar tárepinen islengen qurılıs jumısları kóleminen eń joqarı kólem kórsetkishi Nókis qalası (995,3 mlrd. som yáki ulıwma kólemniń 86,9 %), Tórtkúl rayonı (220,2 mlrd. som yáki 56,1 %) Beruniy rayonı (170,3 mlrd. som yáki ulıwma kólemdegi úlesi 64,1 %) ke tuwrı keldi.*

# Qurılıs jumısları ulıwma kóleminde rásmiy bolmaǵan sektor

Rásmiy bolmaǵan sektor esabına tuwrı kelgen qurılıs jumıslarınıń úlesi 22,6 % ti quradı, yáki 776,1 mlrd. som muǵdarında esaplandı, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda ósim páti 96,4 % ti quradı.




## Múlkshiliktiń mámleketlik hám mámleketlik emes bolǵan mákemeler tárepinen islengen qurılıs jumısları úlesi, % te

Múlkshiliktiń mámleketlik mákemeleri tárepinen jámi **154,9** mlrd. som qurılıs jumısları orınlandı. Múlkshiliktiń mámleketlik emes mákemeler tárepinen bolsa **3 278,4** mlrd. som qurılıs jumısları orınlanıp, olardıń respublikadaǵı úlesi **4,5 %** hám **95,5 %** ti quradı.



# Ulıwma kólemnen jańa qurılıs, rekonstrukciya, keńeytiriw, texnikalıq qayta qurallandırıw jumısları úlesi 2024-jıl yanvar-iyul aylarında

Ámelge asırılǵan qurılıs jumıslarınıń basım bólegi jańa jay hám imáratlar qurıw boyınsha baǵdarlanǵan. Jámi qurılıs jumıslarınıń **73,5** % i yáki **2 523,3** mlrd. som qurılıs jumısları ekonomikamızda jańa islep shıǵarıw quwatlılıqları, turaq-jay hám basqa sociallıq obyektlerin jaratıwǵa qaratılǵan.

Iri qurılıs kárxanaları boyınsha jańa qurılıs 217,3 mlrd. som jumıslar islendi, yáki jámi iri qurılıs kárxanalarınıń jańa qurılıs jumıslarındaǵı úlesi 8,6 % ti quradı.

**8,6 %**

**217,3** mlrd. som

Kishi kárxana hám mikrofirmalar boyınsha jańa qurılıs esabınan 1 595,8 mlrd. som, yáki jámi kishi kárxana hám mikrofirmalardıń jańa qurılıs jumıslarındaǵı úlesi 63,2 % ti quradı.

**63,2 %**

**1 595,8** mlrd. som

Jańa qurılıs jumısları kóleminde rásmiy bolmaǵan sektor 710,2 mlrd. som, yáki olardıń jámine salıstırǵanda úlesi 28,2 % ti quradı.

**28,2 %**

**710,2** mlrd. som

## Jıllar boyınsha jańa qurılıs kólemi hám úlesi

| 2019 | 2020 | 2021 | 2022 | 2023 |
|---|---|---|---|---|
| 62,9 % | 64,2 % | 73,6 % | 75,0 % | 76,4 % |
| 2 086,5 mlrd. som | 2 564,1 mlrd. som | 3 300,3 mlrd. som | 3 951,9 mlrd. som | 4 062,8 mlrd. som |

## Respublikada ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha qurılıs jumısları úlesi % te

Ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha qurılıs jumıslarınıń tıykarǵı bólegi jay hám imáratlardı qurıw 2 475,9 mlrd. som, úlesi 72,1 % ti, puqaralıq obyektlerin qurıw 770,3 mlrd. som, úlesi 22,4 % ti, qánigelestirilgen qurılıs jumısları 187,1 mlrd. som, úlesi 5,5 % ti quradı.




***Maǵlıwmat ushın:*** *ekonomikalıq xızmet túrleri boyınsha qurılıs jumıslarınıń, tiykarǵı bólegi qurılıs, turaq-jay hám jasaw ushın mólsherlengen imárat qurıw boyınsha ámelge asırılǵan qurılıs jumısları bolıp esaplanadı.*

# Jay hám imáratlardı quriw




Jay hám imáratlardı quriw boyınsha qurılıs jumısları quramında iri qurılıs kárxanaları tárepinen islengen qurılıs jumısları úlesi 7,1 % ti qurap, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 4,2 % punktke kóbeygen.

Usı xızmet túrinde kishi kárxana hám mikrofirmalardıń esesine tuwrı kelgen úlesi ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 4,0 % punktke kemeyip, 61,6 % ti quradı.

Rásmiy bolmaǵan sektordıń usı xızmettegi úlesi, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 3,1 % punktke kemeyip, 31,3 % ti quradı.

# Puqaralıq  obyektlerin qurıw

Puqaralıq  obyektlerin qurıw boyınsha iri qurılıs kárxanaları tárepinen islengen qurılıs jumısları  kóleminiń úlesi 27,6 % ti quradı hám ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 7,4 % punktke kóbeydi.

Sonday-aq, kishi kárxana hám mikrofirmalar úlesi 72,4 % ti quradı.

***úlesi % te***



# Qánigelestirilgen qurılıs jumısları

Qánigelestirilgen qurılıs jumısları quramında iri qurılıs kárxanaları tárepinen islengen qurılıs jumısları kóleminiń úlesi ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 6,7 % punktke kemeydi hám 7,8 % ti quradı. Qalǵan, 92,2 % i kishi kárxana hám mikrofirmalarǵa tuwrı kelip, ótken jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 6,7 % punktke kóbeydi.





Qaraqalpaqstan Respublikası
Statistika basqarması
Investiciyalar hám qurılıs statistikası bólimi

Baylanıs telefonı: *(61)222-75-91*